

Rebati Pi Fò

Release Date: Mar 1, 2023

Mitigasyon danje vle di pran mezi pou diminye pèt lavi ak pwopriyete pou diminye enpak katastwòf ka genyen.

Pou Kisa Mitigasyon Enpotan?

Pandan moun Florida ap rebati apre Siklòn Ian, yo ka pran mezi pou rann kay yo pi solid. An mwayèn, chak \$1 ki depanse nan mitigasyon ede ekonomize \$6 nan pwochen reparasyon ki gen rapò ak katastwòf pi devan. Rebati pi fò kounye a ap prepare w ak fanmi w pou tanpèt k ap vini yo.

Konnen Risk Ou

Premye etap la se idantife de kisa w ap bezwen pwoteje kay ou. Manadjè inondasyon lokal ou a ak manadjè ijans ou ka ba w enfòmasyon sou danje van ak dlo ki posib nan kominote w la.

Asire w ke w konsilte yon kontraktè ki gen lisans ak depatman konstriksyon lokal la anvan w fè nenpòt chanjman estriktirèl pou w ka konprann egzijans yo epi pou w jwenn nenpòt pèmi ki nesesè yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou chwazi kontraktè, netwayaj katastwòf, asirans inondasyon, konstriksyon pi solid ak pi an sekirite, ak lòt fason pou redwi risk pi devan, rele yon Espesyalis FEMA pou Kontwòl Danje nan 833-FEMA-4-US oswa 833-336-2487.

Opsyon Mitigasyon

Pwoteje kay ou kont:

- Inondasyon.** Chofaj elve oswa ki garanti kont inondasyon, vantilasyon, ak èkondisyone (HVAC) ak/oswa inite mekanik, kanalizasyon, sistèm elektrik, ak lòt sèvis publik pou pwoteje kont domaj inondasyon epi diminye depans



FEMA

Page 1 of 2

reparasyon. Pou plis enfòmasyon, li [Koman pou Pwoteje Pwopriyete w Kont Inondasyon.](#)

- **Van.** Enstale panno siklòn pou pwoteje fenèt ak pòt an vit kòm yon fason pratik pou anpeche domaj gwo van. Epitou, konsidere ranfòse garaj ak pòt doublantre an pou anpeche echèk anba presyon van. Tcheke [Pwoteje Pwopriyete w kont Van Sevè](#) pou plis konsèy.
- **Vag Tanpèt.** Sa a se pati ki pi destrikatif nan inondasyon bò lanmè. Premye etap la pou pwoteje kay ou kont vag tanpèt la se idantifye Elevasyon Debaz Inondasyon (BFE) pou kay ou a. Ou ka fè sa lè w chèche adrès ou sou [Kouch Danje Nasyonal la.](#) (National Hazard Layer) Florida gen yon freeboard 1-pye plis BFE, epi kèk kominate gen yon kondisyon freeboard ki pi wo. Pou wotè apwopriye pou elve estrikti ou, kontakte manadjè inondasyon lokal ou a. Lè w konnen elevasyon inondasyon w la p ede w detèmine ki wote pou w monte kay ou, inite A/C deyò yo, ak plis ankò. Pou asistans nan jwenn ak konprann elevasyon inondasyon ou, ou kapab voye imel nan FEMA-FMIX@fema.dhs.gov oswa rele 877-336-2627. Vizite [Pwoteje Pwopriyete w kont Vag Tanpèt](#) pou plis detay.



FEMA

Page 2 of 2